

# Gid pou Rekouvreman Dèt

Haitian Creole



# Dènye Enfòmasyon

Chanjman sa a gen ladan nouvo enfòmasyon ou ta dwe konnen lè w ap kominike avèk ajan rekouvreman dèt.

## 1. Nan New York, yon ajan rekouvreman dèt pa kapab fè rekouvreman oswa tantativ pou fè rekouvreman yon lajan ou prete sou salè ou.

Prè sou salè se prè ki ilegal nan New York. Yon prè sou salè se yon prè avèk gwo enterè yo prete ou sou chèk peman ou pral touche. Pou aplike pou yon prè sou salè ou, ou bezwen gen yon kont kouran ak dokiman ki pwouve ou gen yon revni. Nan Eta New York, yo bay pi fò prè sou salè yo nan telefòn oswa nan Entènèt. Si yon ajans rekouvreman eseye fè rekouvreman yon prè sou salè, ale sou Entènèt nan sit wèb visit [nyc.gov/consumers](http://nyc.gov/consumers), oswa rele **311** pou pote yon plent nan DCA.

## 2. Pran prekosyon avèk Konpayi rekouvreman dèt yo oswa avèk konpayi k ap travay avèk konpayi rekouvreman dèt ki ofri ou yon kat kredi si ou ranbouse, yon pati oswa tout, yon ansyen dèt ki te ka ekspire deja.

Konpayi yo ka itilize tèm tankou “Fresh Start Program” (Pwogram Kòmansman Tounèf) oswa “Balance Transfer Program” (Pwogram Transfè Balans) pou dekri sa y ap ofri ou a pou transfere ansyen dèt sou yon nouvo kat kredi apre ou fè yon sèten kantite peman. *Si ou aksepte kat kredi yo ofri ou a, epi si ou kòmanse fè peman yo, limit ajans rekouvreman dèt la (dèle pou pran aksyon) pou trennen ou lajistis pou fè rekouvreman dèt sa a ap rekòmanse.* Konpayi ki ofri ou kat kredi a ka pa di ou si sa se yon konsekans k ap genyen poutèt ou jwenn kat kredi a. Gade seksyon **Kisa Ou Ta Dwe Fè Lè yon Ajans Rekouvreman Dèt Kontakte Ou?** pou jwenn enfòmasyon sou dèle pou pran aksyon.

## 3. Li ilegal pou ajans rekouvreman dèt itilize yon “fo idantifikasyon non” pou rele ou.

Kèk ajans rekouvreman dèt itilize nimewo telefòn mètdam (ki fo) pou kache idantite yo nan idantifikasyon non yo. Pa egzanp, yon ajan rekouvreman ka itilize nimewo yon manm fanmi li oswa nimewo yon ajans gouvènman pou fè ou reponn telefòn nan. Si ou resevwa yon koutfil “mètdam” yon ajans rekouvreman dèt, ale sou Entènèt nan sit wèb [nyc.gov/consumers](http://nyc.gov/consumers), oswa rele **311** pou fè yon plent nan DCA.

Pou jwenn dènye enfòmasyon yo, tanpri ale sou Entènèt nan sit wèb [nyc.gov/consumers](http://nyc.gov/consumers), epi chèche “debt collectors” (ajan rekouvreman).

## Entwodiksyon

Lalwa Pwoteksyon Konsomatè Vil Nouyòk ofri pwoteksyon anti-asèl-man ki pi fò nan peyi a lè li konsène rekouvreman dèt. Avèk pasaj Lwa Lokal 15 ane 2009 la, moun k ap viv nan vil la te menm vin gen plis pwoteksyon lè ajan rekouvreman yo kontakte yo. Nouvo lwa a te og-mante tou otorite ki bay lisans ak otorite kontwòl Depatman Afè Kon-somatè (DCA) pou ajoute biznis “achtè dèt” ki achte dèt ki anreta, epi answit k ap eseye reklame lajan pafwa lè yo mennen konsomatè yo nan tribinal.

Nan dènye ane yo, ajans rekouvreman yo te reprezante kategori #1 nan plent pou DCA. Menmsi DCA kapab fè negosye anpil plent nou resevwa yo, nou pa kapab negosye pwoblèm ki gen pou wè ak jijman lajan ak kont labank ki bloke. **Tanpri al gade kaz ki make Enfòmasyon Enpòtan konsènan Lajan ki Pa Kapab Pran pou Peye Jijman annapre nan gid sa a.**

DCA te fè Mizajou nan gid sa a pou ajoute novo enfòmasyon enpòtan konsènan dwa ou ak responsabilite ajan rekouvreman yo lè y ap chèche touche lajan. Lè ou konnen dwa ou sa reprezante pi gwo pwoteksyon ou. Asire ajan rekouvreman yo konnen ou konnen dwa ou.

## Lwa pou Gen Lisans

**Tout ajans rekouvreman k ap chèche touche lajan dèt pèsònèl oswa lajan dèt sou kay nan men moun k ap viv nan Vil Nouyòk dwe gen yon lisans DCA kèleswa kote ajans lan gen adrès li.** Kreyansye yo souvan itilize ajans rekouvreman yo pou ede yo touche lajan dèt ki anreta. Yon “kreyansye” se yon moun oswa yon biznis ki te ofri yon sèvis oswa yon kredi orijinal epi ki lakòz ou dwe li lajan. Pa egzanp, konpayi kat kredi yo ak konpayi telefòn selilè yo se kreyansye. Pafwa, kreyansye yo vann dèt la ba yon twazyèm pati ki rele yon achtè dèt. Kèleswa si ajans rekouvreman an ap travay pou yon kreyansye oswa pou tèt li kòm achtè dèt, li swe gen yon lisans DCA, epitou li dwe respekte tout lwa oswa amann pou risk, sanksyon oswa sispansyon oswa pèt lisans li.

**NÒT: Ajan rekouvreman ki touche peman lajan sipò timoun dwe gen lisans epitou yo dwe konfòme yo avèk egzijans espesyal.** Pou konnen egzijans ki genyen pou jwenn yon lisans Ajans Rekouvreman Dèt, ale sou sit wèb DCA nan [nyc.gov/consumers](http://nyc.gov/consumers).

<b>Lwa a pa aplike pou aktivite rekouvreman dèt</b>	<b>Pou jwenn plis enfòmasyon, oswa pou pote yon plent konsènan aktivite sa yo, kontakte:</b>
Kreyansye yo	Ajans Gouvènman enpòtan
Organizasyon non-komèsyal ki ofri konsèy sou kredi	The relevant government agency
Nonprofit credit counseling organizations	Depatman Operasyon Bankè Eta Nouyòk: 1-877-226-5697
Sèvis piblik ki anba kontwòl Komisyón Sèvis Piblik	Komisyón Sèvis Piblik Eta Nouyòk: 1-800-342-3355  Nòt: Komisyón Sèvis Piblik Eta Nouyòk pa aksepte plent Long Island Power Authority (LIPA).

## **Kisa Ou Ta Dwe Fè Lè yon Ajans Rekouvreman Dèt Kontakte Ou?**

Lè yon ajan rekouvreman dèt kontakte ou pou premye fwa, anjeneral, sa fèt sou fòm yon **lèt asèlman** (lèt rekouvreman) oswa yon apèl nan telefòn. Pa janm meprize yon ajan rekouvreman dèt, menmsi ou pa rekonèt dèt la. DCA ofri yon lis pou ede ou pwoteje dwa ou:

- Cheke si ajans rekouvreman dèt la gen lisans.** Ajans rekouvreman dèt yo dwe mete nimewo lisans DCA yo nan tout lèt yo voye ba ou. Pou verifye si ajans rekouvreman dèt gen lisans, rele 311 (212-NEW-YORK deyò Vil Nouyòk) oswa fè rechèch nan Tchèk Lisans Imedyat, ki disponib nan sit wèb [nyc.gov/consumers](http://nyc.gov/consumers).
- Cheke si ajans rekouvreman dèt te bay enfòmasyon ki nesesè yo.** Dapre lalwa, ajans rekouvreman dèt yo dwe bay enfòmasyon sa yo nan tout komunikasyon y ap fè avèk ou:
  - non ajans rekouvreman dèt la
  - non kreyansye orijinal la
  - kantite lajan dèt la
  - yon nimewo pou retounen apèl nan yon telefòn yon vrè moun reponn ak non moun nan. Si apèl ou ale nan liy telefòn prensipal ajans lan, vrè moun ki kalifye pou reponn kesyon ou yo dwe reponn apèl la nan 60 segonn.

**Asire ajan rekouvreman an voye validasyon dèt la ba ou sitou si premye tantativ rekouvreman dèt la fèt nan telefòn.**

Validasyon an dwe gen lajan:

- non kreyansye orijinal la
- kantite lajan dèt la
- enfòmasyon sou dwa ou genyen pou diskite sou dèt la

Ajans rekouvreman dèt la dwe voye validasyon an ba ou nan senk (5) jou ki vini apre lè li kontakte ou.

**Toujou mande ajan rekouvreman an pou li voye yon verifikasyon ekri dèt orijinal la b ou menmsi ou rekonèt dèt la.**

Verifikasyon an dwe gen lajan:

- yon dokiman kreyansye orijinal la ki montre ou te achte epi ou dwe dèt la
- yon kopi etadkont final kreyansye orijinal la AK yon dokiman ki endike:
  - » montan total prensipal lajan ou dwe a (Manman lajan an ka swa montan orijinal ou te prete a OSWA pati montan ou prete ki rete san peye a mwens nenpòt frè siplemantè oswa frè.)
  - » chak frè siplemantè adisyonèl oswa frè ou dwe ki endike apa:
    - \* total pou chak frè siplemantè oswa frè ak dat yo te ajoute y chak
    - \* deskripsiyon rezon ki fè ou dwe peye frè siplemantè oswa frè adisyonèl la

Depi ou mande verifikasyon, yon ajans rekouvreman dèt pa ka kontakte ou pou touche lajan dèt jouk lè ou li voye verifikasyon an ba ou. Pa pran presyon pou fè nenpòt peman jouk lè ou resevwa verifikasyon dèt orijinal la.

**Konfime si ou dwe dèt la.** Kimoun ki kreyansye orijinal la? Èske ou sonje ou te achte yon pwodui oswa yon sèvis nan biznis sa a? Èske montan lajan dèt la kòrèk? Si w tcheke rapò kredi ou sa kapab ede ou. **Al gad kaz Imagine Ou se Viktim Vòl Idantite?** annapre nan gid sa a.

**Tcheke depi kilè ou gen dèt la.** Si **règleman limit** sou dèt la espire, ajan koleksyon an dwe divilge enfòmasyon sa yo ba ou, ansanm avèk enfòmasyon sou dwa legal ou. Règleman limit yo se peryòd tan yon kreyansye oswa yon ajan rekouvreman kapab trennen ou lajistis pou touche lajan dèt la.

Si règleman limit lan espire, dapre lalwa, ajan rekouvreman an dwe ajoute nan lèt rekouvreman an deklarasyon sa a nan omwen 12 pwen epi nan yon koulè ki diferan ak lòt tèks la:

“LALWA FÈ NOU OBLIGASYON POU BA OU ENFÒMASYON SA YO SOU DÈT SA A. Limit tan legal (règleman limit yo) pou trennen ou lajistis pou touche lajan dèt la espire. Men, si yon moun trennen ou lajistis nan nenpòt fason pou eseye fè ou peye dèt sa a, règ tribal la EGZIJE OU pou fè tribal la konnen règleman limit yo espire pou anpeche kreyansye a jwenn yon jijman. Menmsi règleman limit yo espire, ou ka CHWAZI pou fè peman yo. Men, SONJE: si ou fè yon peman, dwa kreyansye a pou trennen ou lajistis pou fè ou peye tout dèt la ka KÒMANSE ANKÒ.”

Anjeneral, règleman limit yo se sizan sou dèt kat kredi. Ou ka vle pale avèk yon avoka si ou gen kesyon oswa enkyetid konsènan règleman limit yo.

- Si ou anboche yon avoka,** ekri ajans rekouvreman dèt la avèk non avoka a ak enfòmasyon pou kontakte avoka a. Depi ajans rekouvreman dèt la konnen ou gen yon avoka, ajans la pa ka kontakte ou dirèkteman, men li dwe kontakte avoka ou sèlman.
- Konsève yon kopi—devan ak dèyè—tout lèt ajans rekouvreman dèt la voye ba ou oswa lèt ou voye ba li.** Ou ta dwe pran nòt tou nan nenpòt konvèsasyon nan telefòn ou fè avèk ajan rekouvreman dèt yo, tankou dat, non moun ou pale avèk li, ak detay apèl la.
- Sonje pou bay ajans rekouvreman dèt la enfòmasyon tankou imèl ou oswa nimewo telefòn selilè yo—ajans rekouvreman ap itilize yo. Epitou sonje pou bay Nimewo Sekirite Sosyal ou.

### Li Illegal pou Fè Fo Reklamasyon ak Asèlman.

Yon ajans rekouvreman dèt pa ka fè fo deklarasyon, tankou:

- reklamasyon ki endike li reprezante yon ajans gouvènman, tankou yon marechal, cherif oswa Biwo Powokirè Distri
- menase l ap fè arete ou
- menase l ap rapòte ou ba otorite imigrasyon
- fè konnen ou fè yon krim
- menase l ap fè yo degèpi ou, pran oswa sezi salè ou, pran lajan nan kont labank ou, oswa pran zafè pèsonèl ou san li pa jwenn yon jijman kont ou anvan nan tribal.

Yon ajans rekouvreman dèt pa ka:

- angaje nan zak vyolans, menas pou fè vyolans, oswa langaj gwosye
- fè konnen lajan ou dwe a pi plis pase sa li ye a
- fè konnen ou gen dèt lè ou pa dwe ditou
- fè konnen li ka trennen ou lajistis si règleman limit yo espire

- rele ou anvan 8 AM oswa apre 9 PM oswa plis pase de fwa pa semèn si ajan rekouvreman an te pran kontak avèk ou
- fè reklam pou yon dèt oswa devwale dèt la ba nenpòt moun, tankou manm fanmi ou oswa vwazen ou
- kontakte travay ou, fanmi ou, zanmi ou, ak vwazen ou pou nenpòt rezon ki diferan ak chèche kote ou ye. *Ajan rekouvreman yo pa kapab diskite sou prezime dèt avèk moun ki pa ou.*

**Si yon ajans rekouvreman dèt pa gen lisans, si li pa ba ou enfòma syon lalwa egzije pou li ba ou, oswa si li menase ou oswa fè asèl man sou ou ilegalman, rele 311 oswa ale nan sit wèb [nyc.gov/consumers](http://nyc.gov/consumers) pou pote plen nan DCA.** Sonje pou sere nòt apèl telefonik yo, tankou dat, lè ak non moun ki te rele ou, epitou voye tout dokiman ki sipòte plent ou ba DCA.

## Diskisyon sou Dèt: Sa pou fè si yon ajans rekouvreman dèt voye ba ou enfòmasyon sou dèt orijinal la ki pa kòrèk

Voye yon lèt ba ajans rekouvreman dèt la nan 30 jou ki vini apre ou fin resevwa validasyon an—apèl nan telefòn pa ase pou konfime enfòmasyon ki sou dèt la pa kòrèk. Pa egzanp, fè ajan rekouvreman an konnen kantite lajan ou dwe a pa kòrèk pase li pa gen ladan peman ou te fè yo. Ajoute nan lèt la kopi nenpòt prèv ki endike enfòmasyon ajan rekouvreman an pa kòrèk.

Ou kapab anpeche ajan rekouvreman an kontakte ou tou pandan lè w ap diskite sou dèt la depi ou voye yon lèt sispanson rekouvreman ba li. Senpleman ekri:

*M ap diskite sou dèt sa a. Tanpri sispann tout lòt komunikasyon an rapò ak zafè sa a. Si ou te deja rapòtè dèt sa a nan ajans rapòtaj kredi, tanpri kontakte yo pou rapò dèt sa a sou diskisyon epi mande yo pou yo efase dèt sa a nan rapò kredi mwen. Nenpòt lòt komini kasyon ki depase sa ki akseptab legalman ap reprezante yon vyolas yon lalwa.*

Nan lèt sispanson rekouvreman an, ou ta dwe endike nenpòt taktik abizif anplwaye ajan rekouvreman an te itilize avèk ou.

Voye lèt sispanson rekouvreman an ba ajans rekouvreman a ak ba kreyansye orijinal la nan kourye sètifye, avèk demann pou resevwa resi lè yo resevwa li, ansanm avèk kopi nenpòt dokiman ki sipòte konfli ou. Konsève yon kopi lèt la pou dosye ou.

Apre yon ajans rekouvreman fin resevwa yon lèt sispanson rekouvreman, li gen otorizasyon sèlman pou kontakte ou nan sikonstans limite, tankou pou fè ou konnen nenpòt mezi legal ajans lan gen entan syon pran, oswa pou reponn nenpòt lòt komunikasyon ou te voye ba li. **Sonje yon ajans rekouvreman ka trennen ou lajistis apre li fin resevwa yon lèt sispanson rekouvreman.**

**Si yon ajans rekouvreman dèt kontinye ap kominike avèk ou oswa si li kontinye ap fè asèlman sou ou apre ou fin voye yon lèt sispanson rekouvreman ba li, fè ajans lan konnen li vyole lalwa epi rele 311 oswa ale nan sit wèb [nyc.gov/consumers](http://nyc.gov/consumers) pou pote yon plent nan DCA.** Ou ka anmezi pou pran mezi legal tou kont yon ajan rekouvreman ki pèsiste nan eseye touche lajan. Pou nenpòt dosye legal, sonje pou note kontak ou avèk ajan rekouvreman an.

### **Imajine Ou se Víktim Vòl Idantite?**

Si yon ajan rekouvreman dèt kontakte ou konsènan dèt ou pa kwè ou dwe, men etap pou swiv pou sa:

1. Tcheke rapò kredi ou. Ou gen dwa pou jwenn yon rapò kredi gratis chak ane nan twa (3) ajans rapò kredi prensipal yo. Pou jwenn rapò kredi gratis, ale nan sit wèb [www.annualcreditreport.com](http://www.annualcreditreport.com) oswa rele 1-877-322-8228. Pou jwenn konsèy pou prevansyon vòl idantite, ale nan sit wèb [nyc.gov/consumers](http://nyc.gov/consumers) oswa rele 311.
2. Fè yon rapò lapolis nan sikonskrípsyon lokal ou.
3. Diskite sou dèt la alekri (jan sa dekri anwo a) nan 30 jou epi voye yon kopi rapò lapolis ou ak yon kopi Deklarasyon sou Sèman pou Vòl Idantite Federal Trade Commission (FTC) ou ranpli (li disponib anlyi nan sit wèb [www.ftc.gov/idtheft](http://www.ftc.gov/idtheft)) ba ajans rekouvreman dèt la. Ajans rekouvreman an dwe revize dokiman ou yo epitou li dwe voye ba yon desizyon ekri ki endike si ajans lan kwè oswa pa kwè ou pa dwe lajan an. Jouk lè ajans rekouvreman dèt la detèmine fòmèlman li kwè ou toujou dwe lajan an, li dwe sispann eseye fè ou peye dèt la.

### **Nòt:**

Dapre lalwa, si ajans rekouvreman dèt la detèmine reklamasyon vòl idantite ou valab, li dwe:

- Di ajans rapòtaj kredi yo konnen pou yo efase dèt la nan rapò kredi ou (Si ajans rekouvreman an te rapòte dèt la).
- Notifye kreyansye orijinal la li te sispann tantativ rekouvreman ki base sou rapò vòl idantite ou.

## Ou Jwenn yon Enfòmasyon ki pa Kòrèk nan Rapò Kredi ou?

Dapre Lwa Federal sou Rapòtaj Kredi San Paspouki, ou gen dwa pou diskite sou enfòmasyon ki pa kòrèk nan rapò kredi ou. Swiv lis sa a:

- Voye yon lèt ba ajans rapòtaj kredi a. Ajoute non ou, adrès ou, dat ou fè, ak Nimewo Sekirite Sosyal ou pou ajans lan kapab idantite ou.
- Idantifye dèt espesifik w ap diskite sou li a, eksplike an detay pou kisa enfòmasyon yo pa kòrèk, epitou mande pou yo chanje oswa pou retire dèt la. Ajoute kopi nenpòt dokiman ki sipòte pozisyon ou.
- Voye lèt konfli a nan kourye sètifye, avèk demann pou jwenn resi lè yo resevwa li. Voye yon kopi lèt la ba sous enfòmasyon ajans rapòtaj kredi a—se kapab yon ajans rapòtaj kredi oswa kreyansye oriijinal la, epitou li ta dwe endike nan rapò kredi ou. Konsève kopi tout lèt ou voye yo.

Nan pifò ka yo, ajans rapòtaj kredi a gen obligasyon pou mennen ankèt sou konfli a epitou pou li ba ou rezulta yo alekri, ak kopi gratis dènye rapò kredi ou. Pou jwenn plis enfòmasyon sou enfòmasyon ki an konfli nan rapò kredi ou, ale sou sit wèb FTC nan [www.ftc.gov](http://www.ftc.gov).

## Peman Dèt la: Si dèt la valab

Revize finans ou epi detèmne kapasite ou pou ranbouse dèt la. Sonje si ou pa ranbouse dèt yo sa kapab lakòz ou gen yon move istwa kredi epitou sa ap fè li difisil pou jwenn kredi.

Si ou pa kapab ranbouse dèt la touswit, montre ou onèt avèk ajan rekouvrem an. Ou ka anmezi pou negosye yon pi piti kantite lajan. Gényen yon chans tou pou ajan rekouvrem an travay sou yon plan pe man avèk ou.

### Konsèy lè w ap negosye avèk kreyansye yo ak ajans rekouvrem an dèt yo

Menm jan avèk nenpòt negosyasyon, li enpòtan pou prepare ou. DCA ofri lis sa yo pou ede ou avèk preparasyon ou yo.

#### Anvan negosyasyon an:

- Konnen sa ou vle nan negosyasyon an pou ou kapab reyalize objektif ou.

- Rasanble tout dokiman enpòtan yo.
- Konnen dwa ak responsabilite ou yo anba lalwa.
- Chèche jwenn lòt èd (pa egzanp, moun pou sipòte ou, konseye, avoka, entèprèt) pou negosyasyon an.

### Pandan negosyasyon an:

- Koute.
- Poze kesyon ki pa kapab reponn avèk yon senp “Wi” oswa “Non.” Lè ou poze kesyon nan fason sa a, w ap gen yon vrè diskisyon.
- Pa pè mete yon pwen final nan negosyasyon an si ou santi ou anba presyon pou aksepte yon bagay ki pa sanble bon pou ou.
- Chèche jwenn akò ou avèk kreyansye a oswa ajans rekouvreman dèt la alekri.

### Lòt sa pou Fè ak pou Pa Fè:

- Montre ou onèt. Pa di ajan rekouvreman dèt la ou kapab ranbouse dèt la lè ou pa kapab, oswa ou pa kapab peye dèt la lè ou kapab peye li vrèman.
- Peye dèt “garanti” ou yo anvan. Dèt garanti se dèt ki finanse avèk pwopriyete, tankou yon kay oswa yon vwati. Men, pa fè tankou ou pa konnen lòt dèt ki pa garanti ou yo. Fè tout efò pou ranbouse yo san pèdi tan.
- Pa kite yon ajan rekouvreman dèt ankouraje ou prete lajan nan men yon zanmi oswa yon manm fanmi pou ranbouse yon dèt. Pa janm kite yon ajan rekouvreman dèt pale avèk ou pou mande ou pou fè lòt dèt.

Si ou jwenn yon akò oswa si ou deside sou yon plan peman avèk yon ajans rekouvreman dèt, **dapre lalwa, ajans rekouvreman dèt la dwe voye konfirmasyon akò a oswa plan an alekri ba ou nan senk (5) jou ouvrab.** Konfirmasyon ki ekri a dwe:

- endike non kreyansye orijinal la
- endike non ajans rekouvreman dèt la
- endike non anplwaye ki te negosye akò a oswa plan peman an OSWA sipèviziè anplwaye a
- gen ladan non ou ak adrès ou
- idantifye dat lè yo te fè akò a oswa plan peman an
- endike kantite lajan espesifik ak dat ou dwe fè chak peman
- idantifye adrès kote ou ta dwe voye peman yo pa lapòs oswa lòt kote
- espesifye nenpòt modalite

Si ou dwe plizyè kreyansye, ajans rekouvreman dèt la dwe endike ap:

- dèt ou dwe pou chak kreyansye orijinal
- kantite lajan ou dwe peye sou chak dèt
- fason peman yo ap aplike

**Asire konfirmasyon ekri a gen ladan sèlman kondisyon ou te aksepte yo.** Konsève konfirmasyon ekri a pou dosye ou.

Nan 21 jou almannak ki vini apre ou fin resevwa peman final ou anba akò a oswa plan peman an, ajans rekouvreman dèt la dwe konfime alekri dèt la peye okonplè, epitou li dwe idantifye kreyansye oriijinal la ak nimewo kont lan.

**Si ou pa resevwa konfirmasyon ekri ki sòti nan ajans rekouvreman dèt la, oswa si korespondans lan pa montre sa ou kwè ou te ak septe a, fè ajans rekouvreman dèt la konnen sa imedyatman. Ou kapab rele 311 tou oswa ale nan sit wèb [nyc.gov/consumers](http://nyc.gov/consumers) pou pote plent ba DCA.**

### **Deklarasyon Fayit**

Ou gen yon dwa legal pou deklare fayit, men ou ta dwe reflechi seryezman sou sa ak egzamine lòt possiblité anvan. Dapre lalwa, si ou anvizaje deklare fayit, ou dwe pran konsèy sou fayit nan biwo yon pwofesyonèl kalifye pou konnen tout bagay sou possiblité ou yo. Pou jwenn yon konseye nan zafè fayit ki apwouve, kontakte U.S. Department of Justice, U.S. Trustee Program nan nimewo 1-202-514-4100, oswa jwenn Enfòmasyon sou Konsey nan zafè Kredi ak Edikasyon sou Debitè anliy nan sit wèb [www.usdoj.gov/ust/eo/bapcpa/ccde](http://www.usdoj.gov/ust/eo/bapcpa/ccde).

## **Fason pou Pran Kontwòl Dèt Ou**

Dèt ba ou estrès? Ou pa poukout ou. Biwo Dwa Finansye DCA (OFE) kapab ede ou pran kontwòl.

Rele 311 (212-NEW-YORK deyò Vil Nouyòk) oswa ale nan sit wèb [nyc.gov/afe](http://nyc.gov/afe) pou jwenn yon Sant Dwa Finansye toupre ou. Sant Dwa Finansye anboche konseye pwofesyonèl pou ofri konsèy finansye endividiyèl gratis, nan lang Angle ak Panyòl, anpèsèn oswa nan telefòn. Ou kapab jwenn rekòmandasyon tou nan òganizasyon ki nan Rezo Edikasyon Finansye Vil la ki ofri klas edikasyon finansye gratis oswa pou yon ti frè, sesyon enfòmasyon, ak sèvis konsèy endividiyèl toupatou nan Nouyòk. Anliy, ou kapab chèche yon anyè Rezo Edikasyon Finansye selon sijè, minisipalite, lang, ak founisè. Sit wèb OFE ofri tou resous ekstansif pou ede ou jwenn lajan, kontwole lajan ou, ekonomize lajan ou ak pwoteje lajan ou.

## **Pran Prekosyon ou avèk Mètdam nan Èd pou Dèt**

Anpil konpayi voye òf pou ede ou rezoud tout pwoblèm dèt ou rapid pou yon ti frè.

Sa sonnen tankou yon bon òf, pa vrè?

SE PA VRÈ. Malerezman, si yon òf sanble twò bon pou vrè, anjeneral li pa bon. Anpil konpayi ki pwomèt y ap ede ou avèk pwoblèm dèt ap lakòz ou gen plis chagren alontèm. Aprann kijan pou rekonèt siy yon fwod.

Siy ki endike yon konpayi “èd pou dèt” ap eseye “fè mètdam” sou ou:

**Li pwomèt pou elimine tout dèt ou.** Dèt pa disparèt konsa, sof si ou ranbouse li. Si yon konpayi ki di li ka retire ou nan dèt sèke l ap eseye woule w.

**Li ankouraje ou pou pran yon novo prè san li pa revize sitiyasyon finansye ou.** Nenpòt enstitisyon prè kalifye ap bezwen evalye mwayen ou pou ranbouse yon prè anvan li ofri ou lajan.

**Li mande pou peye gwo frè sèvis pa mwa.** Si ou deja ap debat avèk peman dèt ou, ou pa ta dwe ajoute nan depans ou lè ou peye yon moun pou kontwole dèt ou kapab ranbouse poukонт li oswa nan tèt ansanm avèk yon konseye kredi gratis oswa pou yon ti frè.

**Li mande ou pou sispann fè peman oswa pou li kontakte enstitisyon ou dwe lajan yo.**

Souvan, enstitisyon prè yo vle travay sou yon plan ranbousman avèk ou. Si konpayi an mande ou pou li kontakte enstitisyon prè ou yo, li ta ka jwenn enfòmasyon ki enpòtan. Si ou sispann fè peman yo, ou ka domaje kredi ou epi redui volonte enstitisyon prè ou pou negosye avèk ou.

**Li mande ou pou siyen fòm vid oswa pou siyen sou posesyon pwopriyete ou.** PA JANM siyen dokiman ki vid. PA JANM siyen akò ou pa konprann. Sonje: Si konpayi an pa vle eksplike ou dokiman an oswa si li pa vle reponn kesyon ou yo, pa fè biznis avèk yo.

# Si yon Ajan Rekovremman Dèt Trennen Ou Lajistis

**Pa fè tankou ou pa konnen asiyasyon pou konparèt la.** Konsilte yon avoka, oswa si ou pa gen mwayen pou pran youn, ale kote grefye tribinal la epi reponn asiyasyon pou konparèt la poukонт ou. Si ou meprize asiyasyon pou konparèt la, kreyansye a kapab jwenn yon desizyon tribinal la—ki rele yon jijman-pa-defo—pou egzije ou peye lajan ki ka gen ladan frè ak enterè anplis dèt la poukонт li. Si yon kreyansye jwenn yon jijman kont ou, kreyansye a ka anmezi pou pran lajan jan salè ou pou peye dèt la. **Kaz Tribunal Sivil Vil Nouyòk** (anba la a) gen ladan enfòmasyon enpòtan.

## Tribunal Sivil Vil Nouyòk

Adrès ak Orè yo: 1-646-386-5700

Jwenn enfòmasyon itil anpèsòn nan sal palè-jistis la lan oswa sou sit wèb la: [www.courts.state.ny.us/courts/nyc/civil/index.shtml](http://www.courts.state.ny.us/courts/nyc/civil/index.shtml)

### Reprezante tèt ou nan tribunal:

[www.courts.state.ny.us/courts/nyc/civil/represent.shtml](http://www.courts.state.ny.us/courts/nyc/civil/represent.shtml)

### Jwenn asistans legal:

[www.nycourts.gov/courts/nyc/civil/legalassistance.shtml](http://www.nycourts.gov/courts/nyc/civil/legalassistance.shtml)

## Enfòmasyon Enpòtan konsènan Lajan yo Pa Kapab Pran pou Peye Jijman

Dapre lalwa leta ak lalwa federal, kreyansye yo **pa janm ka** pran sèten lajan pou satisfè jijman yo. Lajan sa a konsidere kòm “lajan ki egzante.” Ou ka chwazi pou itilize lajan egzante a pou peye yon dèt ou genyen, men yon kreyansye pa kapab bloke oswa fòse pran lajan nan men ou oswa nan kont labank ou pou ranbouse yon dèt.

### Pami lajan ki egzante yo, genyen:

- Revni Sekirite Anplis (SSI)
- Pansyon Sekirite Sosyal
- Sekirite Sosyal pou moun ki Andikape (SSD)
- Asistans piblik (Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Nesesite, TANF)
- Revni ou reyalize pandan w ap resevwa SSI oswa asistans piblik
- Benefis pou andikap
- Benefis konpansasyon

- Benefis veteran
- Benefis pou maladi poumon nwa
- Sipò madanm/mari, antretyen (pansyon alimantè), oswa sipò timoun
- Retrèt chemennfè
- Benefis chomaj

### Nòt:

Dapre Lwa 2008 pou Pwoteksyon Revni Egzante, bank ou pa janm ka pran oswa bloke premye \$1,740 ki sou kont labank ou oswa sou kont sendika ou pou peye yon jijman, kit kont ou gen lajan egzante kit li pa genyen.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou lajan egzante, ak kote pou ale lè ou bezwen èd, ale nan sit wèb **nyc.gov/consumers** epi telechaje *Debt Collection: Money Judgments and Frozen Bank Accounts, Information for Consumers. (Rekouvreman Dèt: Jijman Lajan ak Kont Labank Bloke, Enfòmasyon pou Konsomatè yo).*

## Fason pou Rezoud Plent yo

Si w ap viv nan youn nan senk (5) minisipalite Vil Nouyòk, oswa si ou t ap viv nan vil la nan moman yon ajans rekouvreman dèt te kontakte ou, ou kapab pote plent kont ajans rekouvreman dèt la nan DCA. Pou pote plent nan DCA, rele 311 oswa ale nan sit wèb **nyc.gov/consumers**.

Si w ap viv deyò Vil Nouyòk, ou kapab pote plent ba ajans pwoteksyon konsomatè lokal ou ak/oswa ba FTC. Pou pote yon plent federal oswa pou jwenn enfòmasyon gratis nan FTC sou pwoblèm konsomatè, rele 1-877-FTC-HELP (1-877-382-4357) gratis, oswa ale nan sit wèb **www.ftc.gov**.





Bill de Blasio  
Mayor

## Department of Consumer Affairs

Depatman Afè Konsomatè Vil Nouyòk asire kliyan yo ak biznis yo jwenn avantaj nan yon espas mache ki jis ak dinamik. Pou jwenn lòt enfòmasyon sou Depatman an, ale nan sit wèb **nyc.gov/consumers**.

**Si ou gen yon plent ki asosye ak kliyan, rele DCA nan 311 oswa (212) NEW-YORK.**

Anplwaye Minisipalite Vil Nouyòk pa gen pèmisyon pou mande oswa pou aksepte anyen ki gen valè, tankou lajan, kado, oswa poubwa pou fè djòb yo. Pou rapòte koripsyon, kontakte Depatman Ankèt Vil Nouyòk nan sit wèb **www.nyc.gov/doi**.



Enprime sou 30% papye resikle ki sèvi dejà